

MAP Broward

Mobility Advancement Program

Brought to you by the
Penny For Transportation
Se Penny for Transportation
ki Pote Dokiman sa a pou ou



Rapò Anyèl

Komite Siveyans Taks Anplis sou Transpòtasyon Endependan

Ki kouvri 1ye oktòb 2020 rive 30 septanm 2021

Komisyón Konte Broward



DISTRI 1
Nan H. Rich
954-357-7001
nrich@broward.org



DISTRI 2
Mark D. Bogen
954-357-7002
mbogen@broward.org



DISTRI 3
Michael Udine
FY2021 Vis Majistra
954-357-7003
mudine@broward.org



DISTRI 4
Lamar P. Fisher
954-357-7004
lfisher@broward.org



DISTRI 5
Steve Geller
FY2021 Majistra
954-357-7005
sgeller@broward.org



DISTRI 6
Beam Furr
954-357-7006
bfurr@broward.org



DISTRI 7
Tim Ryan
954-357-7007
tryan@broward.org



DISTRI 8
Dr. Barbara Sharief
954-357-7008
bsharief@broward.org



DISTRI 9
Dale V.C. Holness
954-357-7009
dholness@broward.org

Pawòl Majistra a

DISTRI 5 - Steve Geller



Pwogram pou Avansman Mobilite (Mobility Advancement Program) Konte Broward, yo konn rele l tou MAP Broward, te pwouve li se yon motè ekonomik nan lane 2021 piske yon lòt ane pandemi te afekte kominite nou an. Apre sèlman de (2) lane yo fin mete li an plas, ladan genyen plis pase 20 mwa enpak COVID, MAP Broward te pote amelyorasyon nan transpò publik, wout, pon, amelyorasyon rezilyans, nan zòn sekirite pou lekòl, ak inisyativ koneksyon regilyèman.

Konte Broward se te premye Konte nan South Florida ki lanse lojisyèl veyikil-enfrastrikti a. Li pèmèt kèk machin ak aplikasyon fè chofè yo konnen lè limyè sikilasyon yo ap chanje. Nou ap poze plizyè kilomèt (mil) kab fib optik pandan premye ane pwogram lan, sa ki ap kreye rezo pou siyalizasyon

ki reyaji fas ak limyè sikilasyon ak kontwòl ki kapab adapte ak limyè siyal yo. Envestisman nan sistèm limyè siyal tankou antretyen nan detektiv videoyo nan tout Konte a fasilité jesyon sistèm sikilasyon an tan reyèl. Nou fè gwo pwogrè nan zafè elektrifikasyon flòt machin transpò publik ki gen ladan enfrastrikti ki nesesè pou sipòte machin elektrik yo nan etablisman antretyen nou yo.

MAP Broward kreye opòtinite ekonomik tou pou ti biznis lokal yo. Pwogram "30 pou 30" Biwo Developman Ekonomik ak Ti Biznis yo mete ladan an pwouve sa. Anvan referandòm elektoral la, Komisyón Konte a te apwouve 30% objektif patisipasyon ti biznis lokal yo pou tout pwojè sitaks ki elijib pandan 30 ane pwogram lan. Jiska ane fiskal 2021 an, nou te revize apeprè \$400 milyon dola pwojè sitaks ki elijib pou wè si yo atenn objektif yo, sa ki lakoz gen plis pase \$85 milyon dola yo prevwa ki pral jwenn antrepriz ki sètifye yo. Pwogram Aprantisaj Konte a mwen te lanse, ofri avantaj ekonomik anplis pou rezidan Broward yo pandan li jere zafè mank mendèv kalifye a. Pwojè konstriksyon taks anplis sou transpòtasyon finanse ki gen yon valè ki plis pase \$5 milyon dola ap genyen ladan yo egzijans nan zafè aprantisaj.

Kreye zòn kote pou moun viv, travay ak detann yo nan Konte a pandan mwen ap ogmante aksesiblite lojman an se yon priyorté pou mwen antanke Majistra. Pou mwen vanse ak priyorté sa a, mwen te mete sou pye yon pwogram pou mwen ankouraje minisipalite yo reklase zòn komèsyal yo sou bò koulwa transpò publik yo. Sa enpòtan anpil pou Broward fè developman ki oryante sou transpò publik (transit-oriented development, TOD) nan tout Konte a. TOD nesesè pou ogmante kantite moun ki pran transpò publik epi jistifye envestisman nan transpò publik wòdpòt ki gen gwo kapasite, men li ogmante kalite lavi rezidan yo tou.

Rapò anyèl sa a montre angajman Konte a pran pou li envesti dola taks anplis yo nan tèt poze epi egalego. Ofri inisyativ avansman mobilite bonjan kalite, ki bon, ki efikas, ki rezistan, ki tounèf epi ki responsab nan tèt ansanm avèk patnè transpòtasyon nou yo. Patnè sa yo se ou menm—ki se pèp Broward la—pandan nou ap envesti nan demen nou ansanm.

Ak tout kè mwen,

A handwritten signature of Steve Geller in blue ink.

Majistra Steve Geller

Majistra Konte Broward ak Manm Komisyón Distri 5



Komite Siveyans



PREZIDAN - Jeni/Jesyon Konstriksyon: Alan Hooper

Pandan plis pase 25 lane, konpayi li yo te planifye, kreye, devlope, konstui ak jere plis pase 1.8 milyon pye kare pwojè konstriksyon itilizasyon miks. Imèl: ahooper@ob.broward.org



VIS PREZIDAN - Itilizasyon Tè ak Ibanis: Douglas Coolman

Coolman te Direktè nan EDSA, Inc., ki se yon fim planifikasyon, achitekti peyizaj ak amenajman iben nan Fort Lauderdale epi li kontinye pratike antanke achitèk peyizajis anrejistre ki endependan. Imèl: dc coolman@ob.broward.org



Finans: Phil Allen

Allen te okipe pòs Direktè Finansye Konte a pandan prèske ven (20) lane. Pandan moman sa a, li te jwe wòl Direktè Pò Pwovizwa pandan lane 2001/2002 a epi ankò nan lane 2005, anvan yo te chwazi li jwe wòl la nèt nan lane 2006. Li te okipe pòs Direktè Port Everglades jiska lane 2011. Imèl: phallen@ob.broward.org



Syans Anviwònmantal: Debbie K. Madden

Madden se yon moun ki gen aksyon nan kabinè avoka afè Gunster epi li pratike dwa anviwònmantal. Epitou, li se yon ansyen mamm konsèy administrasyon nan Asosyasyon Pwofesyonèl Anviwònman Florida (Florida Association of Environmental Professionals). Imèl: dmadden@ob.broward.org



Achitekti Ronald E. Frazier

Frazier se PDG/pwopriyetè Ronald E. Frazier & Associates, PA ki nan retrèt. Se yon pòs li te okipe pandan plis pase 40 lane kote li fè yon pil ak pakèt eksperyans nan pwojè achitekti ak planifikasyon iben. Imèl: rfrrazier@ob.broward.org



Rezidan Konsomatè Transpò Piblik: Doktè Consuelo Kelley

Kelley se yon moun ki itilize sèvis transpò adapte TOPS! Broward la regilyèman epi li pran angajman pou li kontinye amelyore zafè transpòtasyon an nan Broward. Imèl: cokelley@ob.broward.org



Ansyen Direktè Vil oswa Konte: Allyson C. Love

Love te okipe pòs Direktè Minisipal Adjwen nan Vil Miramar, Direktè Minisipal Enterimè nan Vil Fort Lauderdale epi li gen eksperyans nan divès lòt pòs tankou Responsab Odit ak Direktè Bidjè. Imèl: alove@ob.broward.org



Direktris Biwo Relasyon avèk Founisè ak Divèsite Broward College (Jan sa Idantifye nan Òdonans lan): Anthea Pennant

Pennant genyen plis pase 20 lane eksperyans nan sèvis sosyal, devlopman ekonomik, devlopman biznis, kolekte lajan, ak defans enterè - kote li toujou mete aksan sou ranfòsman kominate yo pou moun ki defavorize yo vanse pou pi devan. Imèl: anpennant@ob.broward.org



Kontabilite: Shea Smith

Smith gen 20 lane eksperyans avèk yon pakèt konpayi ak sektè. Li travay avèk pwopriyetè biznis ak antreprenè yo nan ba yo sèvis kontabilite, odit ak konsiltasyon nan Konte Broward. Imèl: sheasmith@ob.broward.org

Pawòl Prezidan an

PREZIDAN – Alan Cooper



Kominote nou an te gen goumen pandan tout Ane Fiskal 2021 avèk yon pandemi ki te simen anpil dout nan lemnou.

Komite Siveyans lan te kontinye òganize fòma reyinyon vityèl ibrid ak fas-a-fas, ki gen ladan difizyon an dirèk sou entènèt ak patisipasyon publik la, yon fason pou nou te kapab vanse ak pwogram lan epi kenbe publik la enfòme.

Pandan ekonomi monn lan te ap lite anba efè COVID yo, Taks Anplis sou Transpòtasyon a te aji kòm yon plan relans lokal, ki te ede ekonomi lokal nou an nan ankouraje patisipasyon ti biznis yo.

Ant 1ye oktòb 2020 ak 30 septanm 2021, yo te peye ti biznis lokal ki sètifye yo plis pase \$1 milyon dola, kat (4) ladan gen syèj sosyal nan kòd postal Pwosperity yo.

Pandan tout ane 2021 an, pwogram taks anplis la te pwofite okasyon an pou li kontinye poze fib optik—ki se kolòn vètebral yon sistèm transpòtasyon ak mobilite ki entèlijan—epi mete kanpe pwojè kontwòl ki kapab adapte ak limyè siyal yo pou ede jere sikilasyon an.

Pwojè rezilyans tankou elektrifikasyon flòt machin transpò publik yo te kòmanse, bra poto ak kab sipò nan kafou yo, epi lòt amelyorasyon nan drenaj wout ak pon yo te kontinye avanse.

Pandan ane fiskal 2021 an, Konte a te jere 49 pwojè envestisman ki te vize ofri pi bon enstalasyon pou pyeton ak siklis yo, avèk plizyè amelyorasyon ki gen plizyè fòm ki ankou minisipalite yo ap fè.

Sou demann Komite Siveyans lan, yo te mete an plas yon sistèm santralize ki okipe zafè jesyon finansyè ak rapò sou taks anplis, sa ki pèmèt yo suiv nan yon mannyè ki efikas tout pwojè ak depans taks anplis nan Konte a finanse, ansanm ak sibvansyon taks anplis yo bay minisipalite yo.

Pwogram taks anplis la te pran yon nouvo aparans nan lane 2021 an! Ekip sipò ak konsiltan nou yo te fè sondaj sou plis pase 10,000 moun. Epi apre nou fin resevwa plis pase 5,000 repons, nou te adopte yon nouvo mak, ki se MAP Broward.

Ak tout kè mwen,

A handwritten signature in black ink, appearing to read "AC".

Prezidan, Komite Siveyans Taks Anplis sou Transpòtasyon



Otorite Nominasyon



**Mesye Randall Vitale -
PREZIDAN**

(moun ki deziyen yo chwazi
pou Broward Workshop)



Doktè Colin Polsky

FAU Center for Environmental Studies
(Sant FAU pou Etid Anviwònnmantal)
(jan yo deziyen li nan ödonans yo
pwomilge a)



Mesye Dan Lindblade

(moun ki deziyen yo chwazi
pou Broward County Council
of Chambers (Konsèy Chanm
Konte Broward))



**Madam Bertha
Henry**

Administratè Konte
(li jwe wòl
Administratè Konte a)



Mesye Arnold Nazur

(moun ki deziyen yo chwazi
pou Hispanic Unity)



Mesye Sidney Calloway

(moun ki deziyen yo chwazi pou
Urban League of Broward County
(Lig Iben Konte Broward))



Onorab Jack Seiler

(moun ki deziyen yo chwazi pou the
League of Cities (Lig Vil yo))

Program pou Avansman Mobilite (Mobility Advancement Program, MAP), taks anplis sou transpò finanse, se non yo itilize pou yo dekri tout eleman ki nan plan 30 lane ki baze sou pwojè ki gen ladan transpò piblik, travo piblik, pwojè minisipal, envestisman nan inovasyon, planifikasyon, operasyon ak antretyen, epi sèvis sipò administratif yo itilize pou mete pwogram lan sou pye.

Nan lane 2021, MAP te adopte yon nouvo non, ki se **MAP Broward**, pou li te rekonèt sèvis apa pwogram lan ap bay kominote Konte Broward la.

MAP Broward genyen objektif sa yo:

- Kreye koneksyon** nan entegre plizyè teknoloji pou li kreye yon rezo “entèlijan” ki ranfòse enfrastrikti rezo a, sa ki fè ap genyen komimikasyon nan de (2) sans ant machin yo ak limyè sikilasyon yo, rezidan yo ak gouvènman an, ajans konte yo, minisipalite yo, ak piblik la.
- Amelyore sèvis transpò piblik** nan entegre finansman konplè pou veyikil kominotè ki nan vil yo ak nouvo sèvis transpòtasyon ki elaji, finansman konplè pou sèvis transpòtasyon moun mande anpil epi ki espesyalize pou moun ki gen andikap epi kreye yon sistèm transpò piblik ki pi fyab, ki reponn pi vit epi ki pi aksesib.
- Jere sistèm sikilasyon yo** nan ede diminye ankonbreman sikilasyon nan entegre amelyorasyon nan kafou yo ki gen ladan liy viraj ak pasaj anplis, ak senkwonizasyon limyè yo pou ogmante sikilasyon an epi redui blokis yo; elaji rezo fib optik la pou sipòte kontwòl ki kapab adapte ak limyè siyal yo ak lòt zouti jesyon sikilasyon ki aktif yo.
- Amelyore opsyon ki gen plizyè mòd yo** nan elaji disponiblite ak sekirite transpòtasyon plizyè mòd la kote rezidan yo ak vizitè yo genyen divès opsyon pou yo deplase, anplis kondi a, tankou mache, monte bisiklèt, itilize transpò piblik, monte paten ak eskoutè.
- Asire devlopman ekonomik ak avantaj** nan kenbe dola lokal yo lokal, kore ti biznis yo ak asire yo gen ase kapasite pou yo egzekite pwogram lan; analize fason pou atire biznis yo ak divèrsifye mendèv nou an avèk apeprè 30,000 nouvo djòb nou prevwa sou yon peryòd 30 lane. Aprantisaj yo vize itilize pwojè ki elijib taks anplis finanse yo kòm mwayen pou jwenn travay nan objektif pou pa gen patipri.

Lis Sijè yo

-  7 Glosè
-  8 Rezime Jeneral
-  12 Kad Reglementè pou Taks Anplis sou Transpòtasyon nan Konte Broward
-  13 Aktivite Komite Siveyans lan: Ane Fiskal 2021
-  14 Aktivite ak Reyalizasyon Puogram lan: Ane Fiskal 2021
-  14 Transpò Piblik nan Konte Broward
-  16 Travo Piblik
-  17 Biwo Developman Ekonomik ak Ti Biznis
-  19 Pwojè Minisipal
-  23 Jesyon Puogram Avansman Mobilite
-  25 Sansibilizasyon ak Edikasyon Piblik la
-  28 Biwo Jesyon Puogram lan
-  30 Ekip Jiridik Taks Anplis ak Biwo Responsab Odit Konte a
-  31 Òganizasyon Planifikasyon Metropolitèn
-  32 Apèsi Finansye
-  35 Plan pou Senk (5) Lane: Ane Fiskal 2022-2026
-  39 Lis Kontak pou Taks Anplis



Glosè

Administrasyon MAP vle di pèsonèl Administrasyon Pwogram Avansman MobiliteKonte a.

Akò Finansman Pwojè vle vle di akò entèlokal Konte a ak Minisipalite ki aplikab la siyen, selon Seksyon 212.055(1), Lwa Florida, sou fòm Konte a preskri a, pou prevwa finansman Taks Anplis sou Transpòtasyon pou yon pwojè Minisipalespesifik.

CBE vle di yon Antrepriz nan Konte a, jan sa defini nan Seksyon 1-81.1, Kòd Òdonans KonteBroward la

FDOT vle di Depatman TranspòtasyonFlorida.

Komisyón Konte vle di Konsèy Manm Komisyón KonteBroward.

Komite Siveyans vledi Komite Siveyans Endependan pou Taks Anplis sou Transpòtasyon ki etabli nan Seksyon 31½ - 75 nan Kòd Òdonans Konte Broward la.

Minisipalitevle di 29 gwo vil, ti vil, ak vilaj ki ap patisce nan pwogram taksanplis la.

MPO vledi Òganizasyon Planifikasyon Metwopolitèn Broward.

Pwojè Envestisman Minisipal oswa (**Municipal Capital Projects, MCP**) vledi pwojè amelyorasyon envestisman minisipal ki sitou gen ladan wout ki tou nèf oswa ki elaji, twotwa, wout pou bisiklèt, pon, ak eleman transpòtasyonki menm jan yo.

Pwojè Minisipal vledi Sèvis Navèt Kominotè, Pwojè Envèstisman Minisipal (ki gen ladan nenpòt Plan Ijans pou Pwojè Minisipal), ak pwojè R&M Minisipal yo.

Pwojè R&M Minisipal oswa **MR&MPs** vle di pwojè minisipal ki sitou gen ladan antretyen ak reparasyon wout yo, twotwa yo, wout pou bisiklèt yo, pon yo oswa elaman transpòtasyonki menm jan yo.

Sèvis Navèt Kominotèvle didepans envestisman ak depans fonksyonman ki asosye ak transpòtasyon publik ki egziste, ki tou nèf, oswa ki elaji yo, Minisipalite ki ap patisce yo ap jere anndan jiridiksyon pa yo, ki konplete sèvis transpò publik an mas sou wout fiks yo epi ki disponib pou moun ki ap deplaseannan Minisipalite a.

Taks Anplis sou Transpòtasyon vle di taks anplis sou transpòtasyon ki se 1% yo pran sou 30 lane konfòmeman ak Òdonans Taks Anplis sou Transpòtasyon ak referandòm elektora jeneral la apwouve nan Eleksyon Jeneral 6 novanm 2018 la. Yo ap gen pou depanse benefis yo pou zafè transpòtasyon ak transpò publik ki gen otorizasyon, selon lwa ki an vigè a ki gen ladanSeksyon 212.055(1), Lwa Florida.



Rezime Jeneral

Lwa Florida 212.055(1)(d) otorize Konte Charter yo pran yon taks anplis sou transpòtasyon pou kèk objektif ki elijib apre elektora Konte Charter a fin vote pou li enpoze taks anplis sou lavant. Se pa tout konte yo ki elijib pou mete taks anplis sou transpòtasyon sou bilten vòt yo; se sèlman Konte Charter yoak sistèm transpòtasyon reyonal yo ki elijib. Minisipalite yo ak òganizasyon planifikasyon metwopolitèn gouvènman federal la etabli yo pa elijib epi yo ka sèlman benefisyè fon taks anplis pou rezon transpòtasyon ki elijib atravè yon akò entèlokal avèk yon Konte Charter.

Tèks bilten vòt rezidan Broward yo te vote yo di sa ki vini annapre a: “Yo ap finanse amelyorasyon sèvis transpòtasyon nan tout konte a pou diminye blokis, amelyore wout ak pon yo, amelyore senkwonizasyon limyè sikilasyon yo, devlope totwa ak wout bisiklèt ki san danje, agrandi ak jere transpòtasyon nan bis ak transpòtasyon moun ki gen bezwen espesyal yo, mete ranp sou koridò ki apwouve yo, ak aplike teknoloji transpò emèjan yo, ak yon taks anplis sou lavant ki se yon (1) pousan yo ap pran sou trant lane, rezidan ak vizitè yo peye, kote yo kenbe benefis la nan yon fon fidisyè yo fenk kreye epi se yon komite siveyans endependan ki kontwole tout depans yo?” Se yon Komite Siveyans Taks Anplis sou Transpòtasyon Endependan ki kontwole depans pwogram lan fè jan yo pwomèt elektè yo (Atik 5, Seksyon 31½ - 75, Kòd Òdonans Konte Broward).

Objektif taks anplis la se te yon mwayen pou ranfòse ak amelyore sèvis mobilite ak transpòtasyon ki egziste yo — soti nan wout, pon, limyè sikilasyon ak zòn lekòl yo rive nan navèt kominotè yo, sèvis transpò adapte ak sèvis transpò piblik sou wout fiks yo.

Pwogram lan genyen twa (3) Eleman Fondamantal: transparans, responsabilite, ak rezilyans.

Pwogrè ki fèt pa rapò ak Eleman Fondamtal yo pandan peryòd rapò a:

Transparans: Depi yo te fin verifye nouvo imaj mak ak logo “MAP Broward” la nèt epi apwouve li pou mete li an plas, nou te repase men nan sitwèb “Penny for Transportation” lan. Sou baz kòmantè aktè nou yo, patnè minisipal nou yo, ak lòt moun ki itilize sit la anpil, nou te restrikstire bagay ki sou sit la epi fè gwo ogmantasyon ladan li. Konsepsyon nouvo sitwèb la rann li pi fasil pou jwenn: enfòmasyon sou pwojè yo finanse avèk taks anplis la, tankou sila yo ki pwograme pou ane ki ap vini yo nan Plan Senk (5) Lane anvan an ak kounye a. Nou te bay eli yo, pèsonèl Konte, vil la ak manm Komite Siveyans yo fòmasyon sou fason pou yo navige nan Tablodbò Pwojè Piblik la pandan li nan fas tès bèta a epi nou te chèche fidbak sou fason pou nou amelyore itilite ak aksesibilite li. Apre nou te fin entegre rekòmandasyon divès aktè yo, nou te lanse Tablodbò a an dirèk, sa ki te bay aksè fasil apati paj dakèy sitwèb nou repase men ladan an. Gen odit finansye, rapò finansye, ak lòt dokiman bidjè sou sitwèb la tou, ansanm ak yon seksyon konplè ki la menm pou ofri resous bay patnè minisipal yo, pa egzanp, Gid pou Benefisyè Taks Anplis, dokiman konsèy



pou benefisyè, lis verifikasyon/fòm pwojè, dokiman fòmasyon ak atelye (ki gen ladan anpil anrejistreman fòmasyon/atelye an dirèk), Kesyon Moun Poze Souvan, elatriye. Youn nan kote yo vizite plis sou sitwèb la rezève pou wòl Komite Siveyans lan nan pwogram lan. Chak Reyinyon, Atelye, ak Retrèt Komite Siveyans lan klase selon dat. Gen yon lyen ki mennen nan chak lòd dijou, dokiman reyinyon, vidéyo, pwosè vèbal, ak lòt enfòmasyon ki nesesè pou asire transparans ak responsabilite.

Responsabilite: Nan kad misyon Komite Siveyans lan genyen pou li “asire responsabilite ak transparans nan depans benefis ki fèt nan Taks Anplis sou Transpòtasyon an” epi lè li te mande sa, Konte a te mete sou pye yon sistèm finansye ki santralize pou taks anplis. Amelyorasyon sa a yo mete an kouch epi entegre nan sistèm antrepriz ki egziste a pèmèt yo fè rapò pèsonalize manm Komite Siveyans lan mande. Epitou, sistèm santralize a pèmèt nou suiv enfòmasyon sou sibvansyon taks anplis pou vil yo ak enfòmasyon sou Konte a onivo pwojè a, selon kalite pwojè yo, epi li menm bay yon mwayen pou suiv pwojè ki gen sous finansman ki melanje; sa ki pèmèt yo fè rapò ki gen efè levye. Premye plan finansye taks anplis la te prevwa \$2.5 milya dola “avantaj” ki soti nan lòt sous finansman yo. Nan fen 2020 an, yo te pibliye premye Rapò Inogiral Komite Siveyans lan, ki kouvri yon pati Ane Fiskal 2019 la rive jiska 30 septanm 2020. Biwo Responsab Odit Konte a te prezante plan odit li pou Ane Fiskal 2021 an ki te gen ladan revizyon Pwogram Navèt Kominotè a (Transpò Biblik Konte Broward jere), Sèvis Taks Anplis (Òganizasyon Planifikasyon Metwopolitèn Broward), ak Acha Machin Transpò Biblik. Epitou, yo te espesyalman kontwole Fon Taks Anplis la nan kad Odit Anyèl Konte a epi yo prezante rezulta yo fòmèlman bay Komite Siveyans lan lè li fini (jeneralman 180 jou apre fen chak ane fiskal).

Rezilyans: Responsab Rezilyans Konte a te kòmanse devlope yon pwosesis pou revize chak pwojè (Konte ak minisipalite) yo finanse avèk resèt taks anplis yo pou eleman rezilyans yo. Revizyon an ap fèt bonè nan egzistans pwojè a, depreferans pandan faz planifikasyon oswa konsepsyon an, epi li ap debouche sou rekòmandasyon ak/oswa asistans teknik. Pwosesis la nan premye estad devlopman li. Yo prevwa mete li an plas nèt nan fen ane 2022 a.



Pwogrè ki Fèt Pa rapò ak Objektif Pwogram lan pandan peryòd rapò a:

Koneksyon: Koneksyon kapab vle di anpil bagay differan poumoun ki differan. Nan anviwònman MAP Broward 30 Lane a, koneksyon kapab vle di ajoute zòn kote gen twotwa ki manke pou fè yon eksperyans pyeton ki konplè; li kapab dekri koneksyon veyikil-enfrastrigli osa veyikil-veyikil; jan li enpòtan pou kreye yon rezo fib optik ki konekte kab ki egziste a avèk kab taks anplis la finanse pou kore teknoloji emèjan yo; osa li kapab menm defini jefò pou asire piblik la konekte ak sa MAP Broward ap fè, planifye, osa menm fason pwogram lan ta kapab petèt fè enpak sou yon kominote patikilye. Administrasyon MAP la te kreye senk (5) kont medya sosyal, li te kowòdone sansibilizasyon piblik la ak aktè yo, epi li te menm òganize yon evènman medya, ki se Surtax Showcase (Prezantasyon Taks Anplis). Menm si zafè koneksyon an difisil nan mitan yon pandemi, itilizasyon zouti kreyatif ak opòtinite vityèl yo te pèmèt gwo pwogrè fèt.

Opsyon plizyè mòd yo: Pandan peryòd rapò a, 49 pwojè envestismanKonte adirije te ap kore zafè plizyè mòd la aktivman. Uit (8) ladan yo te nan faz konstriksyon, venntuit (28) te nan faz konsepsyon, epi trèz (13) te nan faz planifikasyon. Nan anviwon 130 pwojè minisipal ki toujou aktif depi nan Sik 1 an (yo remèt nan peryòd rapò anvan an), anpil ladan yo konsantre sou sekirite/aksesibilite pou pyeton ak bisiklèt. Yo te finalize kad travay ak dosye demann Gwo Plan Konte a pou Wout ki gen Plizyè Izaj avèk Presyon Fèb pandan Ane Fiskal 2021 an epi yo ta dwe anonse li anvan fen ane sivil la.

Jesyon Sistèm Sikilasyon (SoulajmanBlokis): Divizyon Jeni Trafik (Traffic Engineering Division, TED) Travo Piblik Konte mete kò li bòkote Depatman Transpòtasyon Florida (Florida Department of Transportation, FDOT) pou li fasilité jesyon sistèm sikilasyon an nan tèt ansanm. TED nan dezyèm ane yon pwogram twa (3) lane pou li modènize antretien deteksyon video a nèt. Se yon eleman ki enpòtan anpil nan sistèm siyalizasyon an. Gras ak envestisman taks anplis, yo kontinye ap fè amelyorasyon nan sistèm siyalizasyon an. Nan Ane Fiskal 2021 an, Konte a te siyen akò pou pataje done limyè sikilasyon yo avèk vandè ki pèmèt kèk veyikil osa kèk moun ki itilize aplikasyon espesifik pou yo resevwa enfòmasyon sou limyè yo an tan reyèl (pa egzanp, konbyen tan yon limyè ap rete wouj osa vèt, vitès egzak pou deplase pou rive nan pwochen limyè vèt yo, elatriye).

Amelyorasyon Sistèm Transpò Piblik: Gwo pwogrè te fèt nan elektrifikasiyon flòt la ak enfrastrigli si pò yo pandan dènye ane a. Byenke pandemi an te deranje amelyorasyon yo te prevwa fè nan sistèm transpò piblik la pou Ane Fiskal 2021 an, objektif la te chanje pou asire sekirite moun ki ta p itilize transpòtasyon piblik yo. Nou te enstale separasyon sekirite pou chofè bis ak aparèy elektrik pou pirifye lè nan tout bis yo, mask yo te obligatwa, epi yo limite bis yo pou pran 50% moun pou respekte distans sosyal la. Nou te fè yon gwo acha tè pou kreye yon pwochen sant entèmodal transpò piblik nan Sunrise (zòn Sant BB&T), ki sipòte estansyon ki nesesè pou flòt ak sèvis. Transpò piblik la te jwenn \$20.4 milyon dola nan fon federal nan itilize taks anplis la kòm yon bagay lokal ki koresponn. Gen yon etid konplè ki ap fèt sou tout sistèm transpò piblik la. Li ap egzamine sèvis ki egziste a pandan li ap evalye envestisman ki fèt nan transpò piblik kalite siperyè tankou sèvis bis eksprès ak ray tren.

Devlopman ak Avantaj Ekonomik: Yo te peye fim Antrepriz Konte yo (ti biznis yo) (jouk kounye a) plis pase \$1 milyon dola epi 2 antrepriz CBE te ranpòte òf pou vin tounen antrepriz prensipal. Objektif CBE yo fikse sou pwojè ki elijib yo (Konte ak minisipalite) depase an mwayèn 30%. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogrè ki fèt pou atenn objektif sa a, tanpri ale (paj ki nan rapò a) kote yo detaye divès jefò ak siksè yo.



Kad Reglementè pou Taks Anplis sou Transpò nan Konte Broward

**Òdonans
Konte
Broward
(Atik 5,
Seksyon 31
1/2 - 71-75)**



Òdonans 2018-2019, vin anplas nan mwa jen 2018:

- Yo pran taks anplis sou baz apwobasyon elektè yo ki vini annapre
- Yo etabli yon fon fidisyè pou taks anplis sou transpòtasyon
- Yo prevwa pwoesisis aplikasyon pou afekte benefis taks anplis la MPO ki gen revizyon ak klasman tout pwojè minisipal yo
- Yo mete sou pye Komite Siveyans pou transparans ak objektivite
- Yo etabli yon Otorite Nominasyon ki gen 7 manm

Yo amande Òdonans 2020-08, ki an vigè nan mwa fevriye 2020:

Separasyon kapital minisipal. Separasyon pwoesisis evalyasyon ak klasman pwojè minisipal yo sou baz demann yo resevwa ki soti nan vil yo epi konfòmeman ak 1ye Amandman ki fèt nan Akò Entèlokal la (gade anba a).

**Akò Lokal
sou Taks
Anplis Sistèm
Transpòtasyon
an**

“Global ILA” ant Konte Broward, Minisipalite, ak MPO, an vigè septamm 2018:

- Li etabli egzijans elijiblite pwojè minisipal yo
- Li dekri pwoesisis ak kritè pou yo itilize pou evalye divès pwojè minisipal ki ap chèche finansman taks anplis

Premye Amandman, ki vin anplas nan mwa jen 2019:

- Li redefini pwoesisis, dat ak kritè pou yo itilize pou klase ak rekòmande pwojè minisipal yo

Dezyèm Amandman, ki vin anplas nan mwa mas 2021:

- Li klarifye plis pwoesisis pou evalye, estime, klase, priyorize ak rekòmande pwojè minisipal yo; li dokimante fen premye sik evalyasyon ak klasman an, ansanm ak nivo finansman yo; li bay detaye ak defini tèm pwogram taks anplis moun itilize souvan yo

**Akò
Entèlokal
pou Sèvis
Taks Anplis**

Ankò ant Konte Broward ak MPO a, an vigè an me 2019:

- Li dekri pwoesisis ki gen pou wè ak revizyon, klasman, ak priyorizasyon pwojè minisipal MPO a

Ale sou mapbroward.broward.org pou w jwenn ak revize dokiman nou mansyone anwo yo.



Aktivite Komite Siveyans: Ane Fiskal 2021

Yon eleman kle pou endepandans se separasyon siveyans eli ki adopte bidjè Konte a. Se yon Komite Siveyans Endepandan (Komite Siveyans) ki kontwole depans pwogram lan fè jan yo pwomèt elektè yo. Òdonans taks anplis Konte a (Atik 5, Seksyon 31 ½ -75) te etabli yon Otorite Nominasyon ki gen reprezantan ki soti nan sèt (7) antite kominotè, pou l chwazi nèf (9) manm nan Komite Siveyans lan (te gen yon pòs vid pandan peryòd rapò sa a men yo te mete moun ladan li nan dat 4 mas 2021 an).

- 29 oktòb 2020** Prezantasyon demonstrasyon lansman dous Tablodbò Pwojè Biblik la ak Kowòdinasyon Taks Anplis Distri 4 Depatman Transpòtasyon Florida a (Florida Department of Transportation, FDOT); Chita pale sou Pwopozisyon Pòs Politik Federal MAP yo.
- 19 novanm 2020** Retrèt pou chita pale ak devlope deklarasyon objektif ki kadre avèk responsabilite Komite Siveyans Taks Anplis sou Transpò ak objektif Pwogram Avansman Mobilite a.
- 29 janvye 2021** Chita pale ak revizyon Rezilta ak Rekòmandasyon Sondaj sou Imaj Mak ak Logo Pwogram Avansman Mobilite a; mizajou ak rapò etap Biwo Devlopman Ekonomik ak Ti Biznis (Office of Economic and Small Business Development, OESBD) ak Antrepriz Konte a (County Business Enterprise, CBE).
- 26 mas 2021** Prezantasyon Nouvo Pwosesis Pwojè Envestisman Minisipal Òganizasyon Planifikasyon Metropolitèn Broward fè; Chwa Prezidan ak Vis Prezidan Komite Siveyans
- 29 avril 2021** Revize rezilta Odit Finansyè Fon Taks Anplis Ane Fiskal 2020 a; Prezantasyon demonstrasyon an dirèk Tablodbò Pwojè Biblik yo
- 11 jen 2021** Prezantasyon pou revize rezilta aplikasyon Pwojè Envestisman Minisipal Ane Fiskal 2021 an ak rekòmandasyon pou nouvo senkyèm ane Plan Senk (5) Lane a (Ane Fiskal 2026);
- 19 out 2021** Atelye sou bidjè pou revize Pwopozisyon Pwojè ak Depans pou Ane Fiskal 2022 a; Prezantasyon reyalizasyon pou ane 2021 jiska dat.
- 20 out 2021** Revizyon ak apwobasyon Pwojè Envestisman Minisipal yo PlanSenk (5) Lane Ane Fiskal 2022 rive Ane Fiskal 2026; tout pwopozisyon pwojè ak depans pou Ane Fiskal 2022 ak Plan Senk (5) Lane Konte a

Pou w jwenn plis detay, pou w wè dokiman yo, li pwosè vèbal yo, oswa gade videoyo yo, ale sou mapbroward.broward.org



Aktivite ak Reyalizasyon Pwogram lan: Ane Fiskal 2021



Transpò Piblik nan Konte Broward (Broward County Transit, BCT)

Finansman taks anplis enpòtan anpil pou ede Transpò Piblik nan Konte Broward (Broward County Transit, BCT) fè amelyorasyon nan transpòtasyon rejyonal la, ranfòse koneksyon epi amelyore sèvis transpò piblik la an jeneral. Gras ak finansman federal, Eta ak lokal, BCT a te an mezi pou li investi nan Pwogram Bis Elektrik li an, elajji amelyorasyon ki fèt nan transpò piblik la epi achte pwopriyete pou ranfòsman sant transpò piblik entèmodal yo. Nou detaye reyalizasyon global BCT a apati Ane Fiskal 2021 an anba a.

Pwogram Bis Elektrik

- Acha Bis Elektrik Proterra yo
 - Nou te achte bis elektrik Proterra 40 pye avèk \$16.3 milyon dola nan Fon Sibvansyon Federal la. Yo te libre yo nan sezon lete 2021 an.
- Enfrastrikti Rechaj pou Bis Elektrik yo (\$2 milyon dola finansman taks anplis, jiska Ane Fiskal 2021).
 - Enfrastrikti rechaj pou depo ki nan Ravenswood Road la deja kòmanse epi yo prevwa fini li nan mwa fevriye 2022.

Amelyorasyon Abri Bis/Arè Bis

- Yo te prevwa 81 anplasman pou fè abri bis pou Ane Fiskal 2021 an. Yo te enstale 75 ladan yo, genyen 2 yo ap konstui, epi genyen 4 pèmi ki ankou (\$20.8 milyon dola finansman taks anplis, jiska dat).
- Pwogram amelyorasyon Arè Bis BCT a ankou, epi yo te amelyore 17 arè bis pandan Ane Fiskal 2021. Amelyorasyon 17 Arè Bis yo ap fèt nan Minisipalite sa yo: Coral Springs (10), Pembroke Pines (2) ak Hollywood (5) (\$850,000 dola finansman taks anplis, jiska dat)
- Yo te enstale 950 pano Bus Stop (Arè Bis).



Acha Tè

Yo te achte 10.7 kawo tè pou \$9.3 milyon dola nan Sunrise, Florida nan dat 21 septanm 2021 gras ak fon taks anplis la.

Yo pral itilize pwopriyete sa a pou pwochen konstriksyon yon Sant Transpò Piblik Entèmodal (Intermodal Transit Center, ITC) ki pral sèvi kòm tèminal lwès pou plizyè liy bis ak yon pwochen sèvis metwo ki lejè. ITC a ap gen ladan: yon estasyon final pou plizyè liy bis; yon pwochen estasyon tren lejè; yon estrikti pakin ki gen anviwon 800 espas pou pakin; konpayi/navèt taksi/rezo transpò ak kote pou depoze ak pran moun; ak enstalasyon pou pasaje ak anplwaye.

Etid sou Tout Sistèm Transpò Piblik

Etid sou Tout Sistèm Transpò Piblik (Transit Systemwide Study, TSYS), yo sibvansyone nan dat 9 mas 2021 an, apre yon Avi pou Kontinye nan dat 16 jiyè 2021, ap fè rekòmandasyon pou mete an plas sistèm Transpò Piblik ak Bis ki Rapid (Bus Rapid Transit, BRT) ak sistèm Transpò Piblik ak Metwo ki Lejè (Light Rail Transit, LRT). Anplis, koulwa ki pran anpil moun pou TSYS rekòmande a ap baze sou kantite moun ki pran bis ak itilizasyon tè a, sa ki ladan yon pwogram sansibilizasyon ak patisipasyon piblik la ki konplè. TSYS prevwa finansman pou Developman Pwojè ak Anviwònman (Project Development & Environmental, PD&E), epi rive jiska 30% konsepsyon pou BRT ak ranp. Pwogram sansibilizasyon ak patisipasyon Piblik la. TSYS prevwa finansman pou Developman Pwojè ak Anviwònman (Project Development & Environmental, PD&E), epi rive jiska 30% konsepsyon pou BRT ak ranp.



Imaj Anlè: Imaj ki montre bis elektrik ak estasyon rechaj bis

Anba agòch: imaj reyèl nouvo bis elektrik BCT yo, anba adwat: imaj reyèl nouvo estasyon rechaj bis



Travo Piblik

Pwojè Envestisman Taks Anplis Finanse

Pou Ane Fiskal 2021 an, Travo Piblik Konte Broward la te mande plis pase \$53 milyon dola finansman taks anplis. Akoz avansman plizyè pwojè pi bonè pase yo te prevwa pandan 2021 an, yo te apwouve pwojè adisyonèl yo pou yon total 60 pwojè nan 11 kategori, avèk angajman pou depanse plis pase \$65.2 milyon dola.

Yon ekip pwofesyonèl jeni ki nan Travo Piblik bay ajans Konte yo ak 29 minisipalite ki ap patisce yo gwo asistans teknik. Pandan ane sa a, ekip Travo Piblik yo te konsantre sou:

- ede Biwo Jesyon Pwogram lan elabore direktiv konfòmite pwojè pou atenn objektif taks anplis la;
- jwe yon wòl enpòtan nan komite revizyon an pou devlopman pwojè minisipal yo pandan yo ap kowòdone avèk depatman jiridik Administrasyon MAP la;
- revize ak ede avèk konfòmite soumisyon minisipal yo pou zafè elijiblite;
- ede ak gide minisipalite yo pou yo elabore pòte pwojè yo ak plan pou mete yo an plas.

Te gen 12 pwojè ki te fini nèt ane sa a, sa ki vini annapre yo ladan:

PWOJÈ KI FINI	
Deskripsyon	Anplasman/Deskripsyon
Fib Optik	Pine Island Rd, soti Broward Blvd rive Oakland Park Blvd
Fib Optik	Sunrise Blvd/NW 136 Ave, soti Flamingo Rd pase 136 Ave rive Flamingo Rd
Transfòmsyon Bra ki Pote Limyè yo	Stirling Rd, nan Palm Ave
Wout pou Bisiklèt	Cypress Creek Rd, soti NW 31st Ave rive Powerline Rd
Reparasyon Pon	NW 31st Ave sou C-13 Canal
Amelyorasyon Drenaj	NW 27th Ave soti Broward Blvd rive NW 15th Ct
Amelyorasyon Zòn Lekòl	Bayview Elementary
Amelyorasyon Zòn Lekòl	Drew Elementary
Amelyorasyon Zòn Lekòl	Maplewood Elementary
Kontwòl ki Kapab Adapte ak Limyè Sikilasyon yo	Etid sou Evalyasyon Kontwòl ki Kapab Adapte ak Limyè Siyal



Biwo Developman Ekonomik ak Ti Biznis (Office of Economic and Small Business Development, OESBD)

Antanke yon eleman enpòtan nan Pwogram Avansman Mobilite a (MAP Broward), Biwo Developman Ekonomik ak Ti Biznis (Office of Economic and Small Business Development, OESBD) ankouraje devlopman ak avantaj ekonomik pou biznis lokal yo ak kominote yo nan Konte Broward. Pou nou fè ekonomi lokal nou an vanse epi pou nou asire dola taks anplis sou transpòtasyon yo rete lokal, nou fikse yon objektif patisipasyon 30% sou tout pwojè ki elijib yo pandan dire 30 lane MAP Broward la. Nou prevwa anviwon \$53 milyon dola chak ane pou ti biznis ki sètifye nan Broward yo epi nou prevwa ap gen opòtinite apwovizyonman kote ap gen konkirans pou anviwon \$1.68 milya dola sou 30 lane.

Apati 30 septanm 2021, yo te revizeyon total 47 pwojè taks anplis nan konte a pou fikse objektif yo, sa ki reprezante \$279 milyon dola nan finansman yo prevwa pou pwojè ki elijib yo. Pwojè sa yo gen yon objektif mwayen ki se 31% patisipasyon Antrepriz Konte (County Business Enterprise, CBE) epi yo reprezante anviwon \$46.7 milyon dola nan finansman yo prevwa pou CBE yo. Pou pwojè minisipal yo, yo te revize 90 pwojè pou fikse objektif yo, sa ki reprezante yon total yo estime ki se \$118 milyon dola nan finansman yo prevwa pou pwojè ki elijib yo. Pwojè sa yo gen yon objektif mwayen ki se 33% patisipasyon CBE epi yo reprezante anviwon \$38.7 milyon dola nan finansman yo prevwa depanse pou pwojè ki elijib pou CBE yo. Antou, yo prewa peye CBE yo \$85 milyon dola nan kad pwojè taks anplis sou transpò sa yo (Konte ak minisipalite ansanm).

Pwojè ki ankou yo bay Fim CBE yo genyen espesyalizasyonsektè nan yon pil kategori, ki gen ladan sa ki vini annapre yo:



Ekip OESBD a fè entèvyou avèk patisipan ti biznis ki ap travay sou pwojè taks anplis la

- Asfalt, Beton, Travay sou Chantye
- Elektrisite
- Enspeksyon Jeni Konstriksyon
- Estimasyon Pri
- Koleksyon ak Analiz Done
- Kontraktè Demolisyon
- Kominikasyon ak Maketin/Sansibilizasyon Piblik, Angajman Kominotè
- Jeni
- Apantaj Tè
- Tès Materyèl yo
- MEP (Mekanik, Elektrisite, Plonbri)
- Èd pou Jwenn Pèmi
- Jesyon Pwojè
- Achitekti Peyizaj, Amenajman Teritwa ak Konsepsyon, Konsèy sou zafè Peyizaj
- Sèvis Preparasyon Dokiman



Jiska dat, yo bay plis pase \$79.2 milyon dola pou pwojè taks anplis sou transpòtasyon finanse yo (kontakte ak minisipalite ansanm). Fim ki ap patisipe nan pwojè sa yo te genyen yon total \$4.4 milyon dola; avèk plis pase \$2.3 milyon dola yo peye fim CBE ki ap patisipe yo. Opòtinite biznis pou antrepriz Broward yo kontinye ap ogmante ofiyamezi lòt pwojè taks anplis sou transpò yo apwouve yo kontinye ap deplwaye.

Prosperity Broward

Prosperity Broward se yon inisyativ Greater Fort Lauderdale Alliance Foundation ki ap chèche ankouraje pwosperite pou tout moun nan eksplwate ekonomi pwospè Konte a pou li benefisyé moun ki nan sis (6) kòd postal ki gen difikilte ekonomik yo, tankou 33311, 33309, 33313, 33319, 33069, ak 33023.

Yo bay fim ki chita kò yo nan tout Konte Broward plis pase 15 pwojè taks anplis sou transpòtasyon nan konte a, sa gen ladan kòd postal yo idantifye nan zòn kòd postal ProsperityBroward yo.

Relasyon Kominotè ak Sansibilizasyon

OESBD te konsantre li sou ankouraje ti biznis yo patisipe nan MAP Broward la nan òganize plizyè atelye vityèl nan tèt kole avèk minisipalite ki ap patisipe yo. Pandan atelye sa yo, minisipalite yo prezante pwochen pwojè yo genyen yo. Yo dekri pòte pwojè a ak sèvis ki nesesè pou vandè potansyèl yo pibliye òf yo ofisyèlman. Se yon opòtinite edikatif pou enfòme biznis lokal yo sou finansman ki disponib la, ba yo enfòmasyon ki nesesè pou yo vin gen sètifikasyon pou yo patisipe nan pwogram lan depi yo pibliye òf yo.

Aktivite sansibilizasyon OESBD yo gen ladan tou yon kanpay piblisiteak maketin pou prezante avantaj ekonomik yo kreye atravè MAP Broward.

Nou ankouraje biznis ki anndan ak deyò Konte Broward yo Sètifye nan Konte Broward pou yo ka patisipe nan pwojè ak opòtinite ki disponib yo; mesaj la klè: Vin Fè Afè avèk Gouvènman Konte Broward la.

Aktivite OESBD pou Ane Fiskal 2021

- Yon objektif \$2.5 milia dola fon mobilize ki soti nan sous Eta a ak sous federal yo ogmante resous ki disponib pou envesti nan inisyativ transpòtasyon yo, nan itilize yon sous revni lokal ki rezèvè
- Ranfòsman kapasite ak asistans teknik pou asire ti biznis yo gen sètifikasyon epi yo kapab fè konkiran pou finansman taks anplis la
- Kreyasyon djòb dirèk, endirèk, epi yo pwovoke nan plizyè sektè, tankou sektè ki peye gwo salè yo, sa ki pèmèt nou prevwa 30,000 nouvo djòb sou 30 lane.
- Ankouraje zafè jwenn travay ak egalite nan pwogram aprantisaj ak lòt pwogram ki vize zòn ki gen anpil chomaj ak mwens travay yo



Pwojè Minisipal

Plan 30 lane ki baze sou pwojè a te gen ladan demann minisipal ki totalize \$2.8 milya pou pwojè envestisman, reparasyon ak antretyen plis yon \$540 milyon dola pou Pwogram Navèt Kominotè a. Akò Entèlokal Konsèy Manm Komisyón Konte yo apwouve nan dat 21 out 2018 la garanti yon minimòm 10% nan resèt taks anplis chak ane pou finanse pwojè minisipal yo, pwogram Navèt Kominotè, ak plan ijans pou pwojè minisipal la. Pandan ane 2021 an, konte a te fè yon bidjè anviwon \$43.8 milyon dola pou pwojè ak inisyativ taks anplis yo, apeprè \$14 milyon dola anplis sa ki obligatwa pou finanse nan kad akò a.

Depans Minisipal yo Prevwa nan Bidjè, Ane Fiskal 2021

Pwojè Envestisman Minisipal	\$26,310,130 dola
Navèt Kominotè Minisipal	\$17,510,140 dola
Total Depans Minisipal	\$43,820,270 dola
Garanti Anyèl Minimòm yo Prevwa ((Minimum Annual Guarantee, MAG), 10% resèt taks anplis)	\$29,913,970 dola
Montan ki nan bidjè anwo MAG la	\$13,906,300 dola


Remak: Akoz preparasyon pwojè a, sibvansyon pwojè yo nan lane 2021 te totalize \$19.7 milyon dola. Yo transfere diferans ki genyen ant Pwojè Envestisman Minisipal ki gen bidjè yo ak Pwojè Envestisman Minisipal ki Sibvansyon yo (\$6.6 milyon dola) bay rezèv pou finanse pwochen pwojè minisipal yo. Apre yo fin transfere rès kòb sa a, konte a ap toujou finanse plis pase \$7 milyon dola anwo MAG la pandan ane fiskal 2021 an.

Ant moman pasaj taks anplis la ak dat Akò Sèvis Taks Anplis Konte a ak MPO a antre an vigè a, yo te otorize minisipalite yo twoke pwojè yo, depi pa t genyen okenn enpak finansye sou plan an. Selon tèm akò ki egziste a, yo pa otorize okenn echanj, epi minisipalite yo dwe anile pwojè yo pa vle ankò yo, ki pa elijib, yo deja konplete avèk lòt fon, oswa ki pa fezab lè yo soumèt lèt ofisyèl yo bay konte a ak MPO a. Nan lane 2021, yo te retire antou kat (4) pwojè Envestisman Minisipal ofisyèlman nan zafè finansman an. Anplis, nan jefò pou garanti efikasite nan livrezon pwojè yo, minimize deranjman kay rezidan yo, epi prezèvè eta etablisman yo, yo te makonnen ansanm twa (3) pwojè nan Cooper City ak de (2) pwojè nan Sunrise sou demann chak vil. Epitou, yo te konvèti kat (4) pwojè ki te resevwa finansman nan faz konsepsyon nan Sik 1 an faz konstriksyon, piske yo finanse faz konsepsyon yo a avèk sous ki pa taks anplis.

Akò a etabli tou pwosesis aplikasyon anyèl pou nouvo pwojè envestisman minisipal yo, li dekri kritè evalyasyon yo kapab itilize pou priyorizasyon, epi li etabli nan ki kondisyon yo kapab finanse pwojè sa yo. Pwojè yo klase ak rekòmande pou finansman pandan Sik 1 an ap kenbe klasman yo ak priyore finansman yo a, epi konpoze baz Plan Envestisman Minisipal Senk (5) Lane a.



Pwojè Envestisman Minisipal, Ane Fiskal 2021



Navèt Kominotè Minisipal

Navèt Kominotè Minisipal se yon lyen enpòtan nan rezo transpòtasyon rejjonal BCT a, sa ki pèmèt sikelasyon ti bis ki aksesib pou chèz woulant nan katye vil la ak destinasyon yo pi difisil pou sèvi ak bis ki pi gwo. Sipò ak èd pèsonèl teknik Transpò Piblik Konte Broward la gen ladan jesyon kontak, fòmasyon, planifikasyon sèvis, pwogramasyon, enpresyon orè bis yo, ak acha pano estòp (arè) navèt yo. Pwogram Navèt Kominotè ki Egziste nan 20 minisipalite yo elijib pou yo jwenn finansman konplè pou pwojè ki egziste yo ak pwojè agrandisman yo, ansanm ak frè total pou envestisman ak fonksyonman/antretyen, avèk de (2) aplikasyon minisipal yo apwouye pandan Ane Fiskal 2021 an.





Navèt Kominotè ki Egziste epi yo Apwouye

Coconut Creek	Hillsboro Beach	North Lauderdale (<i>nouvo</i>)
Coral Springs	Lauderdale-By-The-Sea	Pembroke Pines
Dania Beach	Lauderdale Lakes	Plantation (<i>nouvo</i>)
Davie	Lauderhill	Pompano Beach
Deerfield Beach	Lighthouse Point	Tamarac
Fort Lauderdale	Margate	West Park
Hallandale Beach	Miramar	

Pandan Ane Fiskal 2021 an, yo te leve egzijans 7.1 pasaje pa èdtan pou kalifye pou finansman konplè pou taks anplis pou reponn ak bezwen rezidan ak minisipalite yo pandan pandemi COVID-19 la. Konte Broward te gen \$17.5 milyon dola pou Pwogram Navèt Kominotè a pandan Ane Fiskal 2021 an.











Pwojè Taks Anplis Minisipal avèk Akò ki Siyen Ane Fiskal 2021

 <p>DANI-017/Faz Konsepsyón Sistèm Drenaj Dlo Lapli SE Devi \$865,440 dola</p>	<p>DAVI-001/Faz Konstriksyon Elajisman College Ave Devi \$1,000,000 dola</p>
 <p>DAVI-003/Faz Konstriksyon Amelyorasyon Davie Rd Devi \$4,859,167 dola</p>	 <p>DEER-007/Faz Konsepsyón Amelyorasyon FAU Research Blvd Devi \$480,000 dola</p>
 <p>DEER-005/Faz Konsepsyón Amelyorasyon Pioneer Grove Devi \$300,000 dola</p>	 <p>HOLL-035/Faz Konstriksyon Lari Konplè- Hollywood Blvd Devi \$700,000 dola</p>
 <p>MIRA-001/Faz Konsepsyón Pembroke Rd ak Miramar Agrandisman Pkwy Devi \$7,730,000 dola</p>	 <p>NLAU-008/Faz Konsepsyón Twotwa SW 64th Ter; apezman sikilasyon Devi \$218,290 dola</p>
 <p>NLAU-007.2/Faz Konsepsyón Pwogram Apezman Sikilasyon nan Katye Devi \$302,110 dola</p>	 <p>NLAU-007.1/Faz Konstriksyon Sikilasyon nan Katye Pwogram Apezman Devi \$1,998,187 dola</p>
 <p>OAKL-099/Faz Konstriksyon Amelyorasyon Peyizaj Oakland Park Blvd Devi \$330,006 dola</p>	 <p>SWRA-032/Faz Konstriksyon Drenaj SW 50 St ak SW 182 Ave Devi \$124,000 dola</p>
 <p>WPRK-002/Faz Konsepsyón Limyè Pyeton sou State Road 7 Devi \$90,000 dola</p>	 <p>WPRK-003/Faz Konsepsyón SW 48 Ave Complete Street Devi \$420,000 dola</p>

Remak: Devi a gen ladan sèlman pati taks anplis pou pa depase a nan faz aktyèl yo nan kad akò a.



Pwojè Taks Anplis Minisipal avèk Akò ki Siyen Ane Fiskal 2021

 <p>WPRK-004/Faz Konstriksyon Amelyorasyon SW 25 St Complete Street Devi \$1,638,987 dola</p>	 <p>WPRK-008/Faz Konsepsyon Amelyorasyon Lari Konplè SW 21st Devi \$240,000 dola</p>
 <p>WEST-224/Faz Konstriksyon Amelyorasyon Kafou yo Royal Palm Blvd Devi \$1,612,082 dola</p>	 <p>WEST-307.1/Faz Konstriksyon Pwogram Oryantasyon nan Tout Vil la Devi \$181,039 dola</p>
 <p>WEST-308/Faz Konstriksyon Zòn Lekòl nan Indian Trace Elemantary Devi \$319,086 dola</p>	 <p>WILT-012/Faz Konstriksyon Complete Street Devi \$467,315 dola</p>
 <p>WILT-006/Faz Konstriksyon Amelyorasyon Peyizaj Medyan Devi \$279,133 dola</p>	 <p>WILT-003/Faz Konsepsyon Apezman Sikilasyon ak Amelyorasyon Sekirite Devi \$240,000 dola</p>
 <p>FTLAUD-R&M-02/Faz Konstriksyon Antretien S Ocean Dr Bridge Devi \$2,176,937 dola</p>	 <p>PLANT-R&M-02/Faz Konstriksyon Resifasaj divès wout nan tout vil la Devi \$2,749,823 dola</p>
 <p>SWRANCHES-R&M-02 Faz Konstriksyon Reparasyon ak Resifasaj Wout I Devi \$737,005 dola</p>	 <p>SWRANCHES-R&M-03 Faz Konstriksyon Reparasyon ak Resifasaj Wout II Devi \$1,223,165 dola</p>

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwojè taks anplis finanse yo, tanpri ale nan Tablodbò Pwojè Biblik la:



Jesyon Pwogram Avansman Mobilite

Administrasyon Pwogram Avansman Mobilite a (MAP Admin) kontinye rann responsablitè Komite Siveyans lan operasyonèl epi bay sèvis planifikasyon ak sipò pou mete sou pye pwogram 30 lane a. Pandan Ane Fiskal 2021 an, men bagay yo te reyalize

- Otorite Nominasyon: Planifikasyon, lòd dijou, ak prezantasyon
- Komite Siveyans: Planifikasyon, lòd dijou, prezantasyon ak seyans enfòmasyon pou reyinyon, atelye ak retrèt
- Jere akò Sèvis Taks Anplis MPO a
- Prepare seyans enfòmasyon yo, mizajou ak rekòmandasyon pou Komisyon Konte a ak Administrasyon Konte a (ekip Egzekitif Taks Anplis Debaz)
- Prepare bidjè taks anplis pou aksyon Komite Siveyans lan
- Transmèt rekòmandasyon Komite Siveyans lan bay Komisyon Konte a
- Kreye politik ak pwosedi pou pwosesisjesyon yo
- Kominikasyon Aktè Ekstèn yo: Depatman Transpò Florida, Distri 4, Òganizasyon Planifikasyon Metropolitèn, Minisipalite yo, Eta yo, ajans Federal yo, biznis yo, ak rezidan yo
- Kowòdone Gwoup Egzekitif Taks Anplis Debaz la
- Bay minisipalite yo asistans teknik ki gen ladan atelye, reyinyon fas-a-fas, ak prezantasyon sou pwosesis taks anplis ak resous pou patnè minisipal yo
- Prepare kominikasyon, imaj mak ak dokiman maketin pou enfòme publik la ak fè piblisite pou pwogram lan
- Kolaborasyon entè-fonksyonèl nan zafè apwovizyonman, kominikasyon, ak finans
- Sipèvize finans pwogram taks anplis yo nan non Komite Siveyans lan



Pwogram lan genyen twa (3) Eleman Fondamantal tout inisyativ yo kadre avèk li atravè yo: Responsabilite, Rezilyans, ak Transparans. Transparans ak Responsabilite se eleman MAP Admin ede Komite Siveyans lan rann operasyonèl. Men reyalizasyon anplis ki fèt nan kad eleman sa yo:

Responsabilite

- Sistèm santralize pou jesyon finansyè taks anplis
- Mete sou pye yon sistèm finansye santralize pou taks anplis avèk rapò pèsonalize, ki gen ladan enfòmasyon sou sibvansyon taks anplis minisipal
- Pibliye premye Rapò Inogiral Komite Siveyans lan
- Pibliye Tablodbò Pwojè Piblik la
- Developman ak antretyen sitwèb
- Mete sou pye Biwo Jesyon Pwojè pou siveyans egzekisyon pwojè minisipal yo

Rezilyans

- Kolabore avèk yon Responsab Rezilyans pou devlope yon pwosesis pou revize tout pwojè taks anplis finanse yo (Konte ak Minisipalite) pou eleman rezilyans yo, avèk rekòmandasyon ak eleman asistans teknik ki nan pwosesis revizyon ak rekòmandasyon an. Yo prevwa egzamine pwosesis sa a avèk Komite Siveyans/yo mete sou pye nan lane 2022 a.

Transparans

- Yon pasemen konplè nan sitwèb MAP Broward la, sa ki ogmante kontni an anpil epi rann li pi fasil pou jwenn enfòmasyon sou aktivite taks anplis yo
- Developman ak antretyen nouvo Tablodbò Pwojè Piblik la ak lòt zouti entèyaktif anliy
- Lansman Plan Travay pou Pwojè Senk (5) Lane
- Piblikasyon Rapò Inogiral 2020 an
- Òganizasyon evènman Surtax Showcase (Prezantasyon Taks Anplis) ak Jounen Maketin Minisipal
- Chanje non pwogram lan pou li rele MAP Broward



Sansibilizasyon ak Edikasyon Piblik la

Nan kad zafè transparans lan, Administrasyon MAP te konsantre li pandan ane 2021 an sou prezantasyon enfòmasyon sou taks anplis sou transpòtasyon bay piblik la ak aktè yo san kanpe ak nan transparans atravè evènman yo, dokiman maketin, platfòm nimerik yo, ak prezantasyon yo.

Rapò Inogiral ak Plan 5 Lane a


Ane fiskal la te kòmanse avèk Evènman Surtax Showcase (Prezantasyon Taks Anplis); ki se yon evènman aksyonè ak medya yo òganize pou lanse premye plan travay 5 ane Pwogram Avansman Mobilite a ak redakasyon premye rapò anyèl la pandan yo ap prezante pwojè yo nan diferan kalite kategori pwojè. Yo te envite manm medya yo, anplwaye Konte yo ak aksyonè gouvènman yo.



Direktè Travo Piblik la nan evènman Surtax Showcase la



Demonstrasyon bis elektrik nan evènman Surtax Showcase la




Premye paj Rapò Inogiral la

Evènman an te limen limyè sou plizyè nouvo envestisman taks anplis atravè zòn aktivasyon ak demonstrasyon. Yo te byen òganize evènman an antanke yon "Jounen Pòt Louvri" pou ankouraje distans sosyal la. Toudabò, yon gwo eksposisyon veykil BCT ak TOPS te akeyi patisipan yo nan premye etaj Tèminal 25 PEV. Yo te akeyi yo nan veykil yo epi manm ekip BCT yo te fè yo fè vizit gide pou ba yo enfòmasyon. Pandan envite yo ta p apwoche 'zòn aktivasyon' ki nan dezyèm etaj la, premye opòtinite aprantisaj yo te jwenn se te gade videoyo ak tande koze sou kèk nan pwojè Travo Piblik ak Konstriksyon Gran Wout ki ap fèt kounye a epi ki gen pou fèt pi devan.

Ansuit, pou premye fwa nan South Florida, yo fè patisipan yo wè deplwaman demonstrasyon teknoloji veykil-enfrastrikti a kote ekspè teknik ki soti nan konpayi lojisyèl la te fè yon demonstrasyon an dirèk epi reponn kesyon yo.

Anfen, patisipan yo te gen opòtinite pou yo wè jan yoap itilize tablodò pwojè taks anplis la, kote yo te rann anviwon 700 pwochen pwojè yo apwouye pou finansman nan Premye Plan Senk (5) Lane Konte a ak Minisipalite yo (Ane Fiskal 2021-2025) disponib pou revizyon. Evènman prezantasyon sa a te bay premye opòtinite pou yopibliye Rapò Inogiral Pwogram Avansman Mobilite a.





Demonstrasyon tablodbò pwojè nan
évènman Surtax Showcase la



Mobilite Transpòtasyon
Administrasyon MAP Modler

Chanje non

Rezon ki fèt nou te chanje non: Yon pati ki enpòtan anpil nan Plan Relasyon Kominotè 2021 an se te chanje non kanpay edikatif Penny for Transportation lan pou li vin gen yon non pwogram ki fasil pou konprann epi ki gen yon reprezantasyon oswa logo moun kapab rekonèt fasil. Komite Siveyans lan oswa Konte a te jije zafè imaj mak la se te yon priyорite.


Nou te fè sondaj sou logo imaj mak la bòkote plizyè milye manm kominote a, manm asosyasyon pwofesyonèl yo, aksyonè taks anplis yo, pwofesyonèl transpò nasyonal ak lokal yo, ak desidè politik yo. Apre nou fin sondaj nan kominote a (alafwa fas-a-fas ak anliy), nou te adopte yon non pwogram ak yon slogan epi kanpay Penny For Transportation lan pase ofisyèlman anba mak MAP Broward, brought to you by the Penny for Transportation.

Slogan tout moun konnen, ki se “Brought to you by the Penny for Transportation (Se Penny for Transportation ki Pote I ba ou)” rete yon bon mwayen pou raple ou se gras ak sipò elektè yo ki fè gen plizyè milye amelyorasyon mobilite ki fèt nan Broward toutbonvre. “MAP” ki nan MAP Broward se pa senpman yon akwonim pou Pwogram Avansman Mobilite, men se pou raple ou lè w aplike solisyon mobilite ki tounèf, klas mondyal, sa kapab mete Broward sou kat la. Anplis, Tablodbò Pwojè Piblik la se yon kat ki genyen tout pwojè Konte ak Minisipal taks anplis finanse yo epi nou te deplwaye li nan menm moman ak nouvo imaj mak la.

Logo a gen ladan yon limyè ki reflete koneksyon ki genyen ant plizyè opsyon ak solisyon mobilite.



Sondaj nan kominote pou
chanje non



Nouvo logo MAP Broward



Sondaj nan kominote pou
chanje non



Sa nou te fè avèk nouvo imaj mak la

Tousuit apre nou te fin etabli imaj mak MAP Broward la sou platfòm nimerik tankou: tablodbò pwojè taks anplis finanse, sitwèb, sit medya sosyal anplis, vidyeo, grafik enfòmasyon, sipò, pano pwojè nou te elabore dokiman sipò pou maketin. Anplis, nou te òganize atelye ak prezantasyon pou patnè yo, nou te kreye dokiman edikatif ak aksesib pou pwogram lan (tankou biltén enfòmasyon elektwonik MAP Broward Connector a) epi distribiye yo bay patnè kominotè yo.



Logo bilten enfòmasyon



MAP Broward nan Broward College



Reyinyon pou patispasyon piblik la nan pwochen pwojè taks anplis finanse

Tout jefò pou sensibilize ak edike piblik la ap kontinye, avèk plis prezantasyon ak reprezantasyon kominote a nan evènman kominotè lokal yo, avèk sipò ak vidyeo maketin ki tradui nan lòt lang. Nou ap rann pwojè MAP Broward yo vizib gras ak reyalizasyon pwojè konstriksyon taks anplis sou transpòtasyon pou afiche Logo MAP Broward nan navèt minisipal yo, bis ibrid BTC yo ak etablisman BTC yo pandan ane ki ap vini an.



Pano konstriksyon wout reyèl



Pano konstriksyon wout reyèl



Pano konstriksyon wout reyèl



Biwo Jesyon Pwogram

Kontinye pwogrè li ap fè pou kore misyon li genyen pou li sipèvize egzekisyon tout pwojè taks anplis finanse yo, prensipal reyalizasyon Biwo Jesyon Pwogram (Program Management Office, PMO) gen bagay sa yo ladan:

- Etabli yon kad pou rann li nòmal pou Konte Broward sipèvize pwojè yo. Li te elabore ak revize politik, pwozedi ak modèl rapò yo avèk minisipalite yo nan kad Atelye Minisipal Taks Anplis la yo te òganize 25 me 2021. Pandan reyinyon sou entwodiksyon PMO ki te fèt apresa avèk chak minisipalite, ekip PMO a te revize “règ angajman”, egzijans nan zafè rapò ak modèl rapò yo. Anplis, li te chita pale sou pwotokòl patenarya ak sipò epi li te prevwa yon suivi ak siveyans efikas egzekisyon pwojè pou Pwojè Minisipal Taks Anplis Finanse yo.
- Li te etabli wòl Lyezon Jesyon Pwojè Minisipal la; Objektif wòl sa a se siveye ak kore egzekisyon pwojè a. Sètadi, avansman ak konfòmite avèk plan anrejistreman pwojè yo soumèt la. Anplis, lè minisipalite a mande sa alekri, lyezon an bay konsèy, sipò konsènan evalyasyon ak jesyon pwoblèm/risk yo.
- Siveyans pwojè ki ankou: Siveyans jesyon pwojè a te kòmanse pou vennsèt (27) Akò Entèlokal (Interlocal Agreements, ILA) yo egzekite kounye a avèk trèz (13) minisipalite jan nou montre sa anba nan Tablo 1 an. Yo souvan elaji aktivite siveyans yo prevwa yo pou yo mete, selon envitasyon ki soti nan minisipalite yo, patisipasyon nan konferans anvan konstriksyon yo, reyinyon sou pwogrè ki fèt, elatriye. Envitasyon sa yo reprezante siy pozitif patenarya ki fèt pou siksè epi yo pèmèt PMO a kore jesyon minisipalite a ak responsabilite pwojè li yo. Jiska dat, reyinyon ak komunikasyon avèk PMO Taks Anplis Konte Broward la bay kòm rezulta plizyè relasyon angajman ak patenarya ki pozitif anpil.



Biwo Jesyon Pwogram (kontinye)

AKTIF – Pwojè Taks Anplis Minisipalite jere yo			
#	ILA yo	Minisipalite	Faz Pwojè
1	1	Dania Beach	Konsepsyon
2	2	Davie	Konstriksyon
3	2	Deerfield Beach	Konsepsyon
4	1	Hollywood	Konstriksyon
5	1	Miramar	Konsepsyon
6	3	North Lauderdale	Konsepsyon/Konstriksyon
7	2	Oakland	Konstriksyon/Konsepsyon
8	1	SW Ranches	Konstriksyon
9	4	West Park	Konstriksyon
10	3	Weston	Konstriksyon
11	3	Wilton Manors	Konstriksyon/Konsepsyon
12	1	Fort Lauderdale	Reparasyon ak Antretyen
13	1	Plantation	Reparasyon ak Antretyen
pa aplikab	2	Southwest Ranches	Reparasyon ak Antretyen
13	Total (jiska dat) Minisipalite yo (31)		

- Platfòm jesyon pwogram estandadize: Anba lidèchip PMO a, ekip Konte a te fè premye evalyasyon bezwen yo. PMO a te elabore enonse travay yo pou apwovizyonman ekstèn; pwosesis la ap vanse.
- Jesyon Pèfòmans Pwogram Taks Anplis: Elabore yon pwopozisyon yerachi wo nivo pou zafè jesyon pèfòmans pou suiv ak jere pwogrè ki fèt pou atenn objektif Pwogram Taks Anplis la. Travay yo ap vanse pou apwofondi detay sou yerachi a.
- Estansyon pòtay la ak fonksyonalite taks anplis la: Gide devlopman ki nesesè pou kreye fonksyonalite anplis nan Pòtay MAP Taks Anplis la; senplifye pwosesis la pou minisipalite yo soumèt dokiman Taks Anplis ki obligatwa bay Konte a pou li revize ak apwouwe. Avèk amelyorasyon fonksyonalite pòtay la, itilizatè ki gen otorizasyon minisipalite yo pral kapab mande tou sipò ki gen rapò ak pwojè a ak asistans teknik ekip Taks Anplis Konte a.



Ekip Jiridik Taks Anplis

Nan dat 16 jen 2020, Konsèy Manm Komisyon Konte a te apwouve katrevendisèt (97) pwojè envestisman minisipal ak karant (40) pwojè raparasyon ak antretyen minisipal pou yo resevwa finansman Taks Anplis sou Transpòtasyon Sik 1. Yo te ankouraje minisipalite ki sibvansyone yo kòmanse soumèt dokiman ki obligatwa yo bay ekip Jiridik Taks Anplis la pou li tanmen pwosesis Akò Finansman Pwojè a. Annatandan, Konte a, MPO ak minisipalite ki ap patisipe yo ta p revize Dezyèm Amandman an ak Refòmilasyon Akò Entèlokal Taks Anplis sou Sistèm Transpòtasyon an pou pwouve finisman ak repatisyon pwosesis revizyon, evalyasyon mizajou ak klasman Sik 1 an pi devan. Piske yo te apwouve Dezyèm Amandman an ofisyèlman nan kòmansman ane 2021 an, ekip Jiridik Taks Anplis la te kapab byen egzekite yon total vennsis (26) PFA minisipal anvan 30 septanm 2021, sa ki fè anviwon \$29.6 milyon dola finansman taks anplis minisipal. Sa gen ladan vennde (22) PFA envestisman minisipal, \$22.8 milyon dola, ak kat (4) pwojè R&M, \$6.8 milyon dola.

- Egzamine elijibilite pou pwopozisyon pwojè/depans taks anplis finanse
- Bay Komite Siveyans lan sipò jiridik pou detèmine si pwojè a elijib
- Fè negosyasyon kontra avèk minisipalite yo lè yo ap siyen yon akò entèlokal taks anplis finanse
- Sèvis jiridik jeneral, ki gen ladan konsèy sou Politik ak Pwosedi, règleman, ak fòmasyon sou etik pou Komite Siveyans lan

Biwo Responsab Odit Konte a

Biwo Responsab Odit Konte asipòte eleman fondamantal pwogram lan nan zafè transparans ak responsabilite. Biwo a bay pwogram taks anplis la sèvis konsèy san kanpe, sa ki gen ladan konsèy sou demann ak negosyasyon. Biwo Responsab Odit Konte a sitou fè odit ki nan plan odit lan, anplis nenpòt odit Komite Siveyans lan mande. Kounye a, genyen twa (3) odit pou 2021 an ki ankou, sa ki gen ladan Òganizasyon Planifikasyon Metropolitèn Broward (Metropolitan Planning Organization, MPO), Pwogram Navèt Kominotè ak Acha Machin Transpò Piblik.



Òganizasyon Planifikasyon Metropolitèn

Òganizasyon Planifikasyon Metropolitèn (Metropolitan Planning Organization, MPO) genyen objektif gouvènman federal la ak Eta a egzije epi li aji antanke antite planifikasyon transpòtasyon alontèm pou Konte a. Li jwe yon wòl tou nan detèmine fason yo fè distribisyon kèk lajan transpòtasyon federal anndan kominote nou an.

Akò "Sèvis Taks Anplis"

Yo te etabli yon akò 5 lane ant konte ak Òganizasyon Planifikasyon Metropolitèn (Broward Metropolitan Planning Organization, MPO), yo rele Akò Sèvis Taks Anplis nan lane 2019. MPO a responsab pou li egzamine, klase, ak rekòmande chak ane pwojè envestisman nan zafè transpòtasyon minisipalite yo mande, selon kapasite li pou redui blokis la epi amelyore zafè koneksyon an. Pandan ane fiskal sa a, MPO a te konsantre li kolaborasyon avèk minisipalite ki ap patisipe yo pou yo soumèt aplikasyon sik aplikasyon Pwojè Envestisman Minisipal Ane Fiskal (Municipal Capital Project, MCP) 2021 an. Yo te òganize epi anrejistre yon atelye vityèl nan dat 25 mas 2021, kote MPO a te eksplike pòtay aplikasyon li an, pwosesis la, epi reponn tout kesyon minisipalite ki prezan yo te poze. Minisipalite yo te genyen 28 jou pou yo te soumèt aplikasyon yo nan pòtay la, piske fenèt aplikasyon an te kòmanse nan dat 26 mas 2021, epi li te fini nan dat 22 avril 2021.

Pandan reyinyon Komite Siveyans 11 jan 2021 an, MPO a te prezante rezulta aplikasyon Pwojè Envestisman Minisipal Ane Fiskal 2021 an ak rekòmandasyon pou nouvo senkyèm ane Plan Senk (5) Lane a (Ane Fiskal 2026):

Rezulta aplikasyon pou Pwojè Envestisman Minisipal (Municipal Capital Project, MCP) Ane Fiskal 2021 an ak rekòmandasyon pou nouvo senkyèm ane Plan Senk (5) Lane a (Ane Fiskal 2026)

Klasman	Minisipalite	Non Pwojè a:	Faz	Ane Fiskal 2026*
18	Pembroke Park	Amelyorasyon Dlo Lapli nan SW 25 (Faz 11)	Konstriksyon	\$1,272,115 dola
34-37	Miramar	Agrandisman Miramar Pkwy rive nan Pembroke Rd; Agrandisman Pembroke Rd soti SW 160 Ave rive US-27	Konstriksyon	\$11,000,000 dola
65	Coral Springs	NW 39th Street soti Coral Ridge Drive rive NW 10 Ave	Konstriksyon	**
73	Wilton Manors	Lari Konplè	Konstriksyon	\$2,082,495 dola
74	West Park	SW 48 Avenue Complete Street	Konstriksyon	\$3,644,366 dola
75	Weston	Amelyorasyon Wout Indian Trace Road	Konstriksyon	\$291,549 dola
*Faktè inflasyon yo aplike ki reflete faktè inflasyon pri Depatman Transpò Florida pou 2026			TOTAL	\$19,540,023 dola
**Pri final pwojè a annatandan konsepsyon an fini			MAG Anyèl	\$20,778,874 dola
			Sa ki rete	\$1,238,851 dola



Apèsi Finansye


Depans Taks Anplis ki Elijib

Kategori depans taks anplis ki elijib yo gen ladan kapital, planifikasyon, fonksyònman ak antretyen, ak sèvis sipò:

- Kapital gen ladan nouvo veyikil, abri bis, nouvo etablisman, konstriksyon wout/sekirite, fib optik, kontwòl ki kapab adapte ak limyè siyal, amelyorasyon kafou, amelyorasyon bra poto, agrandisman kapasite wout, amelyorasyon zòn sekirite lekòl, lari konplè, wout pou bisiklèt, twotwa, eklaraj lari, antretyen deteksyon vidéyo, elatriye.
- Planifikasyon gen ladan etid, rechèch, analiz, sondaj ki gen pou wè ak mobilite.
- Fonksyònman ak Antretyen gen ladan pèsònèl ki rezève pou nouvo sèvis taks anplis ak aplikasyon pwogram, amelyorasyon nivo sèvis ak depans fonksyònman.
- Administrasyon MAP gen ladan: siveyans jiridik; odit; sipò Komite Siveyans ak Otorite Nominasyon; asistans teknik minisipal ak jesyon kontra minisipal, sansibilizasyon ak ranfòsman kapasite ti biznis, kowòdinasyon zafè ant gouvènman yo, inovasyon nan zafè mobilite ak planifikasyon transpòtasyon, vizualizasyon done GIS ak modelizasyon 3D, sansibilizasyon kominotè, relasyon avèk medya, kominikasyon, imaj mak, medya sosyal, sitwèb, jesyon ak rapò finansye, preparasyon bidjè, elatriye.

Dyagram won anba a montre depans sa yo selon kategori, ansanm avèk pouvantaj ki koresponn ak yo.

**Fon Taks Anplis sou Transpòtasyon
nan Konte Broward Ane Fiskal 2021**



Ane fiskal 2021 an se te dezyèm ane konplè pou rekouvreman taks anplis sou transpò, avèk yon previzyon \$417 milyon dola fon taks anplis yo resevwa epi anviwon \$82 milyon dola dekèsman. Apati 30 septanm 2021, yo te estime montan Taks Anplis sou Transpò ak Kapital Taks Anplis sou Transpò an se \$847 milyon dola lè yo mete yo ansanm.

Anba a genyen previzyon revni taks anplis pou Ane Fiskal 2022 – Ane Fiskal 2026 yo prezante nan Bidjè Envestisman Konte a yo Rekòmande pou Ane Fiskal 2022 (dat piblikasyon 15 jiyè 2021). Lè ou konpare previzyon pou Ane Fiskal 2021 ak previzyon pou Ane Fiskal 2022 a, rediksyon ki akimile pou ane ki disponib yo (Ane Fiskal 2022-Ane Fiskal 2025) te totalize \$64 milyon dola.

Plan Envestisman Senk (5) Lane pou Resèt Taks Anplis Ane Fiskal 2022-Ane Fiskal 2026					
	Ane Fiskal 2022	Ane Fiskal 2023	Ane Fiskal 2024	Ane Fiskal 2025	Ane Fiskal 2026
Previzyon pou Plan Envestisman Senk (5) Lane pou Ane Fiskal 2021	\$357,948,590 dola	\$367,613,210 dola	\$377,538,760 dola	\$387,732,310 dola	pa aplikab
Previzyon pou Plan Envestisman Senk (5) Lane pou Ane Fiskal 2022	\$342,581,790 dola	\$351,831,500 dola	\$361,330,950 dola	\$371,086,890 dola	\$381,106,240 dola
Rediksyon	\$(15,366,800) dola	\$(15,781,710) dola	\$(16,207,810) dola	\$(16,645,420) dola	pa aplikab

Nan mwa out 2021, Konsèy Administrasyon Komite Siveyans lan te aksepte yon mosyon pou li apwouve pwopozisyon pwojè ak depans nan kategori sa yo pou Ane Fiskal 2022 a:

- \$25 milyon dola pou Kapital Transpò Piblik
- \$6.3 milyon dola pou Kapital Wout Transpò Piblik
- \$74 milyon dola pou Enfrastrikti Transpò Piblik
- \$60.4 milyon dola pou Kapital Travo Piblik
- \$20 milyon dola pou Fonksyònman Transpò Piblik
- \$15 milyon dola pou Navèt Kominotè
- \$30.6 milyon dola pou Pwojè Envestisman Minisipal
- \$6.6 milyon dola pou Sèvis Sipò

FonMobilize

Objektif 30 lane Pwogram Taks Anplis sou Transpòtasyon a se eksplwate \$2.5 milya dola fon lokal, Eta ak federal la.

- Li te eksplwate pwojè sa yo Taks Anplis sou Transpò Piblik Konte Broward finanse avèk lòt sous finansman pandan Ane Fiskal 2021 jan sa endike anba a:
 - Pwojè Etablisman Antretyen Copans Road - \$17.3 milyon dola
 - Pwojè Enfrastrikti Rechaj Bis Elektrik - \$2.5 milyon dola
 - Pwojè Amelyorasyon Sekirite - \$597,000 dola
- Te gen finansman ki mobilize pou montan \$596,000 dola pou plizyè pwojè taks anplis Travo Piblik, ki gen ladan pwojè transfòmasyon bra poto ak pou avansman pwojè taks anplis yo nan yon faz “pare pou konstriksyon”.

Anplis, pandan Ane Fiskal 2021 an, yo te aplike fon ki mobilize ki totalize anviwon \$2.1 milyon dola nan plizyè pwojè minisipal taks anplis finanse.



Mizajou Odit

Komite Siveyans lan te mande fè yon odit endependan sou Pwogram Taks Anplis sou Transpòtasyon Konte Broward la (Fon Taks Anplis) pandan 2021 an, pou ane fiskal 2020 an. Se te dezyèm odit Pwogram Taks Anplis sou Transpòtasyon an epi li te kouvri peryòd douz (12) mwa soti 1ye oktòb 2019 rive 30 septanm 2020 (fen ane fiskal 2020 an). Rapò Responsab Odit Endependan an te fèt nan dat 13 avril 2021, epi RSMUS, LLP te bay yon opinyon ki pa modifye (“pwòp”), ki endike pa t genyen okenn kòmantè sou rezulta oswa jesyon pa rapò ak finans Fon Taks Anplis la.

Prensipal objektif odit la se eksprime yon opinyon sou prezantasyon fidèl deklarasyon finansye fon nan Fon Taks Anplis sou Lavant Transpò Konte a selon prensip kontabilite yo jeneralman aksepte Ozetazini dAmerik. Nan fen odit la, RSM te bay Konte a:

- Rapò responsab odit endependan an sou deklarasyon finansye debaz Fon Taks Anplis la
- Yon lèt reprezentasyon jesyon apa ki gen pou wè ak Fon Taks Anplis la
- Fè yon rapò bay Konsèy Manm Komisyón Konte a (Board of County Commissioners, BOCC) ak Komite Siveyans Taks Anplis sou Transpò Endependan

Remak: Nan dat rapò anyèl sa a, odit Ane Fiskal 2021 la pa t fini. Dat yo estime li ap fini an se 30 mas 2022.

Pandan Ane Fiskal 2021 an, Biwo Responsab Odit Konte a te egzamine kontra taks anplis MPO Broward la finanse, ansanm avèk Pwogram Navèt Kominotè Minisipal ak Acha Machin Transpò Piblik Konte Broward.

Sistèm Jesyon finansyè

Nan mwa oktòb 2020, yo te mete sou pye yon nouvo modil kalkil pri pwojè (Sant Travay Pwojè) nan sistèm jesyon finansyè PeopleSoft Konte a. Sant Travay Pwojè bay aksesibilite ak transparans anplis nan sa ki konsène Fon Taks Anplis ki gen pou wè ak aktivite finansyè yo epi li pèmèt itilizatè yo suiv ak fè rapò sou Pwogram lan Envestisman Taks Anplis la nan tout ajans taks anplis finanse yo.

Nouvo modil kalkil pri pwojè a te rann li fasil pou kreye deklarasyonfinansyè pandan peryòd sis (6) mwa ki ap fini 31 mas 2021, ak peryòd nèf (9) mwa ki ap fini 30 jen 2021. Administrasyon Pwogram Avansman Mobilite a te prezante deklarasyon finansyè sa yo bay Manm Komite Siveyans lan.



Plan Senk (5) Lane: Ane Fiskal 2022-2026


Yo te prezante yon Plan Senk (5) Lane nan tèt ansanm ki genyen pwojè envestisman Konte ak minisipal, epi sèvis sipò ak planifikasyon yo prevwa yo bay Komite Siveyans lan, epi li te apwouve li nan dat 19 rive 20 out 2021, sou baz Rekòmandasyon Bidjè Envestisman Konte Broward pou Ane Fiskal 2022-2026 la.

Yo ap finanse pwojè ki nan Plan Senk (5) Lane a apati ane fiskal 2022 a rive jiska Ane Fiskal 2026 la. Si ta genyen finansman anplis ki disponib pandan nenpòt ane Plan Senk (5) Lane a, yo ka ajoute pwojè yo.

Transpò Piblik

Nan Plan Senk (5) Lane Transpò Piblik Konte Broward la yo ap kontinye fè amelyorasyon transpò piblik tankou ogmantasyon sèvis (nouvo sèvis ak ekspansyon sèvis), amenajman nan bis nan wout fiks ak transpò ki adapte, nouvo bis, nouvo veyikil elektrik ak lòt veyikil ki mache ak kabiran, mete sou pye pwojè Transpò Piblik ak Bis ki Rapid (Bus Rapid Transit, BRT) ak pwojè Transpò Piblik ak Metwo ki Lejè (Light Rail Transit, LRT), ak enfrastrikti transpò piblik nan tout Konte a epi pou devlopman reyjonal.

Pwojè Transpò Piblik nan Konte Broward selon Kategori, Ane Fiskal 2022-Ane Fiskal 2026




Travo Piblik

Plan Senk (5) Lane Travò Piblik la gen ladan amelyorasyon ki ogmante kapasite sistèm wout Konte a ak estrateji ki asosye pou jere sikilasyon ak diminye blokis. Anplis, plan an gen ladan divès amelyorasyon nan rezo pou veyikil, pyed, ak sikkis yo pou amelyore sekirite epi ankouraje deplasman ki gen plizyè mòd.

Yo ankouraje rezilyans, ki se younnan objektif fondamantal pwogram lan, nan amelyore kapasite sistèm wout yo pou yo sipòte inondasyon, dega van, gwo lapli ak lòt evènman move tan ki ap plede pase nan South Florida ak Konte Broward.

Depans Total Plan Senk (5) Lane selon Kalite Pwojè, Ane Fiskal 2022-Ane Fiskal 2026



Pwojè Envestisman Minisipal

Plan Senk (5) Lane Minisipalite a gen ladan finansman yo rekòmande pou faz pwojè envestisman youn dèyè lòt Komisyón Konte a apwouve nan Sik 1 (2020) pou faz planifikasyon ak konsepsyon. Plan Senk (5) Lane sèvi kòm baz pou kredi anyèl finansman taks anplis lan epi li ofri benefisyè finansman taks anplis yon nivo sètitid nan pwogramasyon ak planifikasyon alontèm pou pwojè transpòtasyon ak resèt taks anplis yo. Li gen ladan finansman pou 32 pwojè, 30 ladan ap jwenn finansman konplè. Kritè pou mete yo nan Plan Senk (5) Lane a se te klasman pwojè a ak disponib fon yo prevwa a.



Pwojè Envestisman Minisipal (kontinye)


Espesyalman, lis sa a gen ladan kèk pwojè “gwo depans” sou plizyè ane tankou Agrandisman Pembroke Road ak Miramar Parkway. Yo prevwa pou li koute plis pase \$50 milyon dola. Pwojè sa a nan faz konsepsyon li pou kounye a. Pou pwojè ki koute pi chè yo, yo te fikse limit anyèl pou finansman an a \$11 milyon dola piske gen anpil chans pou yon pwojè konstriksyon depanse plis pase montan sa a pandan nenpòt ane.

Biup Developman Ekonomik ak Ti Biznis

2021 Rejyonal (South Florida)	2022 Nan tout Eta a	2023-2025 Deyò Eta a
<ul style="list-style-type: none">Piblisite: radyo, nimerik, medya sosyal, anons enprime, publikasyon sektè aSansibilizasyon: evènman, konferans, patenaryaPèsonèl: Espesyalis nan Ti Biznis ak PT19 (Koleksyon Done)	<ul style="list-style-type: none">Piblisite: radyo, nimerik, medya sosyal, anons enprime, publikasyon sektè aSansibilizasyon: evènman, konferans, patenarya, rankont ak salitasyonPèsonèl: Espesyalis nan Ti Biznis (Konfòmîte)	<ul style="list-style-type: none">Eta ki gen sektè ki pa nan Konte Broward oswa FloridaEta ki gen kontra transpò publik nan BrowardPiblisite: radyo, nimerik, medya sosyal, anons enprime, publikasyon sektè aSansibilizasyon: konferans, patenarya, rankont ak salitasyonPèsonèl: Espesyalis nan Developman Ekonomik ak Ti Biznis

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Plan Senk (5) Lane a,
tanpri eskane kòd QR sa a:





38 >>

MAP Broward - Rapò Anyèl


Kontak pou Taks Anplis

Ekip Administratif Konte ak MAP

Non Konplè	Tit Pòs	Imèl	Nimewo Telefon	Ajans
Brannon, Harambie	Asistan Jiridik	hbrannon@broward.org	954-357-7660	Ekip Jiridik Taks Anplis
Burnett, Roy	Espesyalis nan Administrasyon	rburnett@broward.org	954-357-9513	Administrasyon MAP
Cassini, Gretchen	Pwogram Avansman Mobilite (Mobility Advancement Program, MAP) Administratè, Kowòdonatè Komite Siveyans	gcassini@broward.org	954-357-7579	Administrasyon MAP
Dalley-Johns, Margaret	Direktè Finans	mdalleyjohns@broward.org	954-357-9507	Administrasyon MAP
Francis, Nichole	Espesyalis nan Developman Ti Biznis	nfrancis@broward.org	954-357-5670	OESBD
Junor, Savika	Espesyalis nan Developman Ti Biznis	sjunor@broward.org	954-357-6273	OESBD
Kalil, Nichole	Responsab Enfòmasyon Piblik	nkalil@broward.org	954-357-9505	Administrasyon MAP
Lewis, Althea	Asistan Administratè Konte a	amlewis@broward.org	954-357-9504	PMO
Li, Min-Tang	Enjenye ki gen Diplòm	mli@broward.org	954-357-6661	Mobilite ak Inovasyon
Lopez, Kenneth	Espesyalis nan Developman Ti Biznis	klopez@broward.org	954-357-6143	OESBD
Lyn, Neil	Sipèvizè Seksyon Planifikasyon Mobilite	nlyn@broward.org	954-357-9512	Mobilite ak Inovasyon
Mayorga, Alexander	Kowòdonatè Pèfòmans Pwogram	amayorga@broward.org	954-357-9503	Administrasyon MAP
Napier, Jeffrey	Estratèj nan zafè Apwovizyonman	jnapier@broward.org	954-357-8632	Administrasyon MAP
Reynolds Perez, Devona	Pwokirè Adjwen Konte a	dreynoldsperez@broward.org	954-357-7600	Ekip Jiridik Taks Anplis
Riggs, Roxanne	Lyezon Minisipal pou Jesyon Pwojè	rriggs@broward.org	954-577-4618	PMO
Rogers, Laura	Espesyalis nan Odit	larogers@broward.org	954-357-7106	Biwo Responsab Odit la
Rynard, Gavin	Pwokirè Adjwen Konte a	grynard@broward.org	954-357-7600	Ekip Jiridik Taks Anplis
Severyn, Josette	Ansyen Planifikatè	jseveryn@broward.org	954-357-6632	Mobilite ak Inovasyon
Silva, Lina	Kowòdonatè Pwojè Pwogram lan	lsilva@broward.org	954-357-9506	Administrasyon MAP
Thompson, Audrey	Kowòdonatè Administratif	authompson@broward.org	954-357-9501	Administrasyon MAP
Wallace, Angela	Konsèy Jeneral Taks Anplis sou Transpòtasyon	ajwallace@broward.org	954-357-7600	Ekip Jiridik Taks Anplis
Williams-Wilson, Tashauna	Espesyalis nan Enfòmasyon Piblik	taswilliams@broward.org	954-357-9502	Administrasyon MAP

Pwen Kontak Inik pou Taks Anplis nan Minisipalite


Minisipalite	Non Konplè	Tit Pòs	Imèl	Nimewo Telefòn
Coconut Creek	Karen Brooks	Direktè Minisipal	kbrooks@coconutcreek.net	954-973-6720
Cooper City	Mike Bailey	Direktè Sèvis Piblik	mbailey@coopercityfl.org	954-434-4300
Coral Springs	Brooke Peters	Planifikatè Transpòtasyon	BPeters@coralsprings.org	954-344-1159
Dania Beach	Colin Donnelly	Administratè CIP/Sibvansyon	cdonnelly@daniabeachfl.gov	954-924-6808
Davie	Abidemi Ajayi	Enjenyè Minisipal Adjwen	aajayi@davie-fl.gov	954-797-1096
Deerfield Beach	Priscilla Cygielnik	Sèvis Anviwònmantal	pcygielnik@deerfield-beach.com	954-616-7046
Fort Lauderdale	Gail Jagessar	Kowòdonatè Pwojè Espesyal	gjagessar@fortlauderdale.gov	54-828-6814
Hallandale Bch	Vanessa Leroy	Direktè Sèvis Developman	vleroy@cohb.org	954-457-1376
Hillsboro Beach	Mac Serda	Direktè Vil	mserda@townofhillsborobeach.com	954-427-4011
Hollywood	Gus Zambrano	Direktè Minisipal Adjwen	gzambrano@hollywoodfl.org	954-921-3201
Lauderdale by the Sea	Neysa Herrera	Asistan Direktè Vil la	neysah@lbts-fl.gov	954-640-4212
Lauderdale Lakes	Ronald Debrunes	Direktè Travo Piblik	ronaldd@lauderdalelakes.org	954-535-2778
Lauderhill	Zach Davis-Walker	Administratè Operasyon	zdavis-walker@lauderhill-fl.gov	954-730-4247
Lighthouse Point	Charles Schramm	Direktè Travo Piblik	cschramm@lighthousepoint.com	954-946-7386
Margate	Gio Batista	Travo Piblik	gbatista@margatefl.com	954-972-8126
Miramar	Leah DeRiel	Enjenyè Minisipal Adjwen	lderiel@miramarfl.gov	954-602-3356
North Lauderdale	Tammy Reed-Holguin	Developman Kominotè	tholguin@nlauderdale.org	954- 597-4737
Oakland Park	Brynt Johnson	Direktè Sèvis Jeni ak Bilding	brynt.johnson@oaklandparkfl.gov	954-630-4343
Parkland	Sherri Toops	Responsab Bidjè ak Sibvansyon	stoops@cityofparkland.org	954-757-4181
Vil Pembroke Park	Heidi Siegel	Ibanis	townplanner@tppfl.gov	954-966-4600
Pembroke Pines	Karl Kennedy	Enjenyè Minisipal	kkennedy@ppines.com	954-518-9044
Plantation	Carole Morris	ACA	cmorris@plantation.org	954-797-2210
Pompano Beach	Horacio Danovich	Direktè Distri Inovasyon	horacio.danovich@copbfl.com	954-786-7834
Southwest Ranches	Emily Aceti	Responsab Sèvis Kominotè	eaceti@southwestranches.org	954-343-7453
Sunrise	Sean Dinneen	Direktè Minisipal Adjwen	sdinneen@sunrisefl.gov	954-746-3430
Tamarac	Laura Karpaviciute	Asistan Direktè Minisipal la	laura.karpaviciute@tamarac.org	954-597-3522
West Park	Gregory Perry P.E.	Enjenyè Minisipal	gperry@cityofwestpark.org	954-350-2705
Weston	Karl Thompson	Direktè Minisipal Adjwen	kthompson@westonfl.org	954-385-2601
Wilton Manors	Todd DeJesus	Administratè Pwojè Envestisman ak Sibvansyon	tdejesus@wiltonmanors.com	954-390-2105



Ou ka jwenn aksè nan kont medya sosyal nou an gras ak
@MAPBroward
 oswa ale sou MAPBroward.broward.org

Ou ta dwe voye demann enfòmasyon nan imèl yo bay:
mapsocial@broward.org





MAP Broward

Mobility Advancement Program
Brought to you by the
Penny For Transportation

mapbroward.broward.org

Yo te pibliye 100 kopi nan dokiman publik sa a pou yon frè ki se \$345 dola oswa \$3 dola 45 pou chak kopi pou enfòme rezidan yo sou Sèvis Konte Broward yo.